



DEPATMAN EDIKASYON ETA NEW YORK

Lang ak Literati Anglè Rapò sou Nòt 2013-14

Pwogram Egzamen Eta New York
Rezilta Pitit ou nan Lang ak Literati Anglè
pou Ane Akademik 2013-14

Pou paran oswa responsab legal: **sfname sname**

ID Lokal Elèv la: 000000000

Klas yo evalye a: 4

Lekòl: **School name**

Kòd BEDS: 999999999999

Chè Paran oswa Responsab Legal,

Chak sezon prentan, elèv ki nan klas 3yèm ane-8yèm ane patisipe nan Pwogram Egzamen Eta New York nan Lang ak Literati Angle (English Language Arts, ELA) ak nan matematik, jan Lwa sou Anseyman Primè ak Segondè [Elementary and Secondary Education Act (ESEA)] egzije sa. Nòt nan egzamen sa yo bay yon fason pou paran yo ak edikatè yo konprann pèfòmans elèv y. Men, nòt nan egzamen sa yo pa di tout istwa a sou sa yon timoun konnen ak sa li kapab fè. Nou bay rezilta nan Egzamen ELA ak Matematik Klas 3yèm-8yèm ane pou rezon dyagnostik epi rezilta yo p ap gen relvednòt ofisyèl pitit ou oswa dosye pèmanan elèv la ladan.

Rapò sa a bay eksplikasyon sou nòt pitit ou, epitou li bay lis resous ki disponib pou sipòte edikasyon pitit ou. Nou ankouraje pou ale nan rapò sa a lè w ap pale avèk pwofesè ak lòt founisè sèvis edikasyon pitit ou. Si ou gen kesyon oswa si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pèfòmans pitit ou nan egzamen ane sa a, tanpri kontakte direktè lekòl pitit ou oswa responsab lekòl la.

Itilize rapò sa a pou pale sou pwogrè pitit ou nan Lang ak Literati Anglè.

Tradiksyon rapò sa a ak lòt enfòmasyon disponib nan lang sa yo:

Chinese	中文
Haitian Creole	Kreyòl Ayisyen
Korean	한글
Russian	Русский
Spanish	Español

<http://www.p12.nysed.gov/assessment/ei/eigen>

Rezilta Egzamen Pitit ou

Entèval Nòt Alechèl nan Lang ak Literati Anglè pou Ane Akademik 2013-14:

Nivo 4 Eta New York: X - X

TABLO

Nivo 3 Eta New York: X - X

Nivo 2 Eta New York: X - X

Nivo 1 Eta New York: X - X

Rezilta Egzamen an pou Ane Akademik 2013-14: ELA Klas 4yèm Ane

Nòt Alechèl	X
Echèl Pèfòmans	X
Ran Santil pou Eta a Anjeneral*	X

*Nòt pitit ou nan egzamen an te menm oswa pi wo pase X pousan tout elèv nan eta a ki nan menm klas ak pitit ou a.

Rezilta Egzamen an pou Ane Akademik 2012-13: ELA Klas 3yèm Ane

Echèl Pèfòmans X

Nivo 1 Eta New York	Nivo 2 Eta New York	Nivo 3 Eta New York	Nivo 4 Eta New York
Elèv ki bay pèfòmans nan nivo sa a tonbe anba nivo konpetan nèt nan nòm yo pou klas yo. Yo montre yo pa gen ase konesans, ladrès ak pratik ki reprezante nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen pou Klas Pre-Matènèl-12yèm Ane Eta New York pou Lang ak Literati Anglè/Konpetans pou Li ak Ekri yo konsidere ki pa ase pou egzijans yo nan klas sa a.	Elèv ki bay pèfòmans nan nivo sa a konpetan anpati nan nòm yo pou klas yo. Yo montre yo gen konesans, ladrès ak pratik ki reprezante nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen pou Klas Pre-Matènèl-12yèm Ane Eta New York pou Lang ak Literati Anglè/Konpetans pou Li ak Ekri yo konsidere elèv ki bay pèfòmans nan Nivo 2 a kòm elèv ki sou wout pou satisfè egzijans pou yo diplome nan lekòl segondè New York, men yo poko konpetan ase nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen nan klas sa a.	Elèv ki bay pèfòmans nan nivo sa a konpetan nan nòm yo pou klas yo. Yo montre yo gen konesans, ladrès ak pratik ki reprezante nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen pou Klas Pre-Matènèl-12yèm Ane Eta New York pou Lang ak Literati Anglè/Konpetans pou Li ak Ekri yo konsidere ki ase pou egzijans yo nan klas sa a.	Elèv ki bay pèfòmans nan nivo sa a ekselan nan nòm yo pou klas yo. Yo montre yo gen konesans, ladrès ak pratik ki reprezante nan Nòm Aprantisaj Debaz Komen pou Klas Pre-Matènèl-12yèm Ane Eta New York pou Lang ak Literati Anglè/Konpetans pou Li ak Ekri yo konsidere ki plis pase ase pou egzijans yo nan klas sa a.

Pwomosyon 2022 (elèv ki fèk antre nan klas 9yèm ane nan ane akademik 2018-19) pral premye gwoup elèv k ap gen obligasyon pou pase Egzamen Regents Komen Debaz nan nivo yo swete pou yo prepare pou kolèj ak karyè, sa ki endike yo te satisfè egzijans nivo kou Nòm Debaz Komen yo (ale sou sitwèb <http://www.regents.nysed.gov/meetings/2014/February2014/214p12d4.pdf>).

Plis enfòmasyon sou nòt pou egzamen Lang ak Literati Anglè pou

sfname X slname

Lekòl: School name
ID Elèv la: 000000000
Nòt pou Egzamen an: 4

Enfòmasyon sou Nòm Debaz Komen pou ELA ak sou rezilta pitit ou:

Nòm Debaz Komen Eta New York pou Aprantisaj [Common Core Learning Standards (CCLS)] pou Lang ak Literati Anglè dekri sa pitit ou ta dwe konnen ak sa li kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen pitit ou resevwa nan Lekti ak Redaksyon nan seksyon egzamen Sous yo. Elèv yo resevwa pwen pou Lekti nan anpil kesyon ki gen repons ochwa epi ki mezire Nòm Komen Debaz yo nan Lekti ak Lang. Elèv yo resevwa pwen nan Redaksyon nan Sous pou kesyon pou bay repons kout ak repons long ki mezire Nòm Komen Debaz yo nan Lekti, Lang ak Redaksyon. Pou konparezon, w ap jwenn kantite mwayen pwen elèv yo resevwa tout kote nan Eta a sou chak nan de (2) seksyon egzamen an.

Nòm Komen Debaz pou Lang ak Literati Anglè

Lekti

Elèv yo konprann lide ak detay enpòtan ki endike nan tèks nivo klas yo, sa ki fè yo rekonèt kijan detay yo sipòte devlopman entrig la, yo dekri pèsonaj yo afon, epitou yo konekte lide yo avèk evènman yo. Elèv yo detèmine siyifikasyon mo ak ekspresyon yo tou jan yo itilize nan tèks la, yo konprann kijan tèks la òganize, epitou yo konpare epi opoze diferan pwendvi yo. Answit, elèv yo entwodui konesans ak lide ki transmèt nan tèks la. Pou fè sa, yo itilize koneksyon lojik ant kèk pati tèks la.

Redaksyon nan Sous

Elèv yo li tèks ki nan nivo klas yo, epi yo fè deklarasyon yo sipòte avèk detay yo. Elèv yo ekri sou pèsonaj yo, pou dekri kijan youn asosye ak lòt nan tèks la, epitou yo konpare ak opoze pwendvi ak tèm ki nan tèks yo. Elèv yo analize evènman ak aksyon ki nan yon tèks, yo detèmine efè langaj la genyen sou aspè yon tèks, epitou yo dekri enpòtans eleman istwa a. Elèv yo kominike sa yo konprann tou. Pou fè sa, yo pwodui redaksyon koyeran ki montre gramè Anglè yo ak itilizasyon li nan nivo klas yo.

Pwen Pitit Ou Resevwa	Kantite Pwen Posib	Kantite Pwen Mwayen Elèv yo Resevwa Tout Kote nan New York

--	--	--

--	--	--

Kisa ki Genyen Apre?

Rapò sa a bay eksplikasyon sou nòt pitit ou nan egzamen ELA Eta New York pou ane akademik 2013-14. Nou ankouraje ou pou travay avèk pwofesè pitit ou ak lòt edikatè li yo pou mete ansanm yon plan pou sible sitou sa pitit ou aprann yo ak fason li aprann pi byen. Si ou gen enkyetid pou nòt jeneral pitit ou oswa pou pèfòmans pitit ou nan swa Lekti ak/oswa Redaksyon nan Sous, nou ankouraje ou pou:

- Poze pwofesè ELA pitit ou kesyon sou ki ladrès (Lekti oswa Redaksyon nan Sous) li jwenn ki pi difisil pou pitit ou.
- Revize avèk pitit ou devwa klas ak devwa lakay ELA li pou wè si l ap fè pwogrè nan menm ladrès yo.
- Pale avèk pwofesè ELA pitit ou genyen nan moman an ak/oswa direktè lekòl la pou wè si pitit ou ka bezwen plis sipò sible pou amelyore ladrès sa yo.
- Defann enterè pitit ou pou resevwa plis sipò jan li nesèsè. Tout elèv ki gen Nivo Pèfòmans ki swa se Nivo 1 Eta New York oswa Nivo 2 Eta New York kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon akademik (AIS) nan lekòl la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, p sou rezilta sa yo avèk edikatè pitit ou oswa ale sou sitwèb EngageNY.org, sitou paran paj pou Paran ak Resous Fanmi (<http://www.engageny.org/parent-and-family-resources>), kote w ap jwenn lòt resous konsènan:

- Nòm Komen Debaz Eta a
- Evalyasyon Komen Debaz Eta New York
- Fason pou entèprete nòt pitit ou
- Sa paran yo kapab fè pou sipòte aprantisaj elèv yo nan Nòm Debaz Komen yo